

Chè fanmi,

Toudabò mèsì. Mwen konnen ane pase a te mande andirans, detèminasyon, fleksibilite ak sakrifis bòkote nou tout ak bòkote w anpatikilye. Ou gen nouvo wòl plizyè nan nou p ap janm imajine ou ta genyen epi balanse anpil bahay pandan w ap jere pèt yo ak plizyè defi lavi COVID-19 te pote ba nou pandan ane pase a.

Pandan ane lekòl la ap fini, m ap tann opòtinite ki devan nou pou reimajine kisa lekòl ye ak vle di pou pitit ou yo. Nou konnen nou dwe akeyi elèv nou yo ankò nan yon anviwònman aprantisaj ki chalere, akeyan ak asiran ki pouse yo fè efò onivo akademik pandan n ap pandan n ap sipòte yo lè yo bezwen sipò.

Pandan lekòl nou yo ap travay di sou jan nou edike timoun nou yo, mwen kontan anpil pou pataje avèk ou plan reouvèti nou yo pou otòn 2021 an. Dapre endikatè sante ki disponib yo, n ap retounen nan aprantisaj anpèsòn konplè septanm sa a. Sa vle di tout elèv ki nan klas 3-K rive 12yèm ane pral aprann anpèsòn otòn sa a.

Tout pwofesè ak estaf ap retounen tou nan aprantisaj anpèsòn otòn sa a. Nou gen anpil rekonesans pou devouman tout direktè nou yo, pwofesè ak estaf lekòl nou yo epi nou rekonèt gwo travay yo fè pandan ane difisil sa a, epi nou kontan anpil pou pitit ou rekonekte avèk pwofesè ak estaf lekòl yo renmen yo, anplis kamarad yo, otòn sa a.

Pandan n ap prepare pou pitit ou yo, ansanm ak pou pwofesè ak estaf la pou retounen lekòl, n ap kontinye angajman nou pou bay sante ak sekirite priyorite avan tout lòt bagay. Avèk yon to pozitivite COVID ki se 0.16% pandan 7 jou ak yon to kontaminasyon ba ki konsistan, lekòl nou yo gen yon dosye pwogr ki pwouve yo sennesof. N ap satisfè kèlkeswa sa kondisyon sou disdans sosyal CDC genyen an septanm, epi nou espere mezi pou kontinye amelyore sante yo ka pèmèt plis fleksibilite nan otòn lan. Anfen, nan angajman nou pran pou kenbe sante ak sekirite nan tèt priyorite a, nou konte respekte plizyè mezi sante ak sekirite nou te pran ane lekòl pase a, tankou bagay sa yo :

- Maks yo kontinye rete yon kondisyon nan tout bilding lekòl nou yo
- Nou pral kontinye egzije moun ki gen sentom COVID-19 yo pou rete lakay
- Elèv, pwofesè ak estaf ap kontinye ranpli fèy evalyasyon sante a chak jou
- Chak bilding lekòl ap kontinye genyen yon enfimye
- Chak salklas pral gen sistèm vayerasyon k ap travay
- Tès COVID-19 la ap kontinye nan bilding lekòl yo jan dènye gid sante a rekòmande l la
- Sal sitiasyon (Situation Room) ap kontinye sipòte lekòl yo nan pwochen etap yo si vin gen ka pozitif

Nou konnen plizyè nan elèv nou yo pa vin lekòl anpèsòn depi mas 2020, epi retou nan lekòl anpèsòn otòn sa a se pral yon ajisteman. Nou pwomèt pou nou fè tout bagay nou kapab pou akeyi pitit ou yo ankò ak bay sipò yo bezwen pou asire yon retou ki pozitif. Nou deja fè investisman pou anboche plizyè pwofesè ak travayè sosyal epi n ap gen pwogram aprantisaj akademik ak sosyo-emosyonèl ki disponib pou sipòte elèv nou yo. Men kèk mwayen n ap sipòte nan tranzisyon an kounye a epi nou ankouraje w ak pitit ou yo pou patisipe:

**Fowòm fanmi Chanselye a ap fè nan tout Borough:** M ap òganize reyinyon kominotè pou fanmi nan tout borough yo pou tande plis bagay nan men w sou otòn sa a, ak kòman nou ka itilize resous nou yo pou asire yon retou ki pozitif pou pitit ou yo ak ofri yon eksperyans akademik ki rich epi ki gen defi ki gen ladan aprantisaj sosyo-emosyonèl. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri, ale la a: <https://www.schools.nyc.gov/get-involved/families/family-empowerment/chancellor-porter-s-family-forums>

**Open House nan lekòl:** Apati jen ak pandan ete a, chak lekòl ap òganize sesyon enfòmasyon (open houses) pou fanmi vizite, fè tou ak enfòmasyon sou prekosyon ki la pou sante ak sekirite ki te kenbe lekòl nou yo sennesof pandan ane pase a. Lekòl pitit ou a ap kontakte w sou kilè y ap fè yo epi nou ankouraje w patisipe pou jwenn plis enfòmasyon.

**Summer Rising:** Nan kolaborasyon avèk Depatman jenès ak devlopman kominotè (Department of Youth and Community Development, nou kontan anpil pou ofri yoneksperyans kan dete ki rich, amizan ak agreyab pou nenpòt elèv ki entere. Nou ankouraje pitit ou a pou patisipe - pou nou akeyi l ankò nan kominote lekòl nou yo, rekonekte avèk pwofesè ak estaf epi prepare pou otòn pandan l ap amize l! Fanmi yo ka enskri la a: <https://discoverdycd.dycdconnect.nyc/home>

Mèsi pou kolaborasyon w, angajman w ak devouman w nan edikasyon pitit ou pandan ane pase a. Mwen admire kòman kominote nou yo te mete tèt ansan pou sipòte yonn lòt pou asire timoun nou yo te fè meyè eksperyans posib la malgre gwo difikilte yo. M ap tann pou m kolabore avèk ou, aprann nan men w ak eksplwate toutsa nou te fè ansanm ane pase pou kreye yon nouvo depa ki nòmal an septanm- ki chalere ak agreyab, rasiran ak rich epi ki enteresan ak estimilan- pou chak timoun ou yo.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk yo